



[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

### Kontakte Nou

Norfolk Advocates for Children  
12 Payson Road, Foxborough, MA 02035  
Telefòn: 508.543.0500  
[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

Norfolk District Attorney's Office  
45 Shawmut Road, Canton, MA 02021  
Telefòn: 781.830.4800  
[www.norfolkda.com](http://www.norfolkda.com)

### Remèsiman:

Pwojè sa a (pasyèlman) te sipòte pa Biwo Massachusetts pou Asistans pou Viktim atravè yon sibvansyon Lwa sou Viktim Krim 1984 (Victims of Crime Act of 1984, VOCA) ki soti nan Biwo pou Viktim Krim, Biwo Pwogram Jistis yo, Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice).

**Repons miltidisciplinè Konte Norfolk la pou manm CSEC MDT yo:** DA, DCF, DYS, DMH, Polis, Libète sou Kondisyon, Defansè Viktim ak Temwen yo, Avoka pou Jèn, Enfimyè SANE, Konseye, Lekòl, Paran, ak Jèn yo.

Ka CSEC yo sispèk

Yo konsilte DCF pou depoze 51A

DCF Avèti Biwo Pwokirè Distri Norfolk lan Imedyatman

MDT kapab reyini fas-a-fas oswa nan videyo konferans pou elabore yon plan entèvansyon espesifik

*Selon enfòmasyon yo pataje ak evalyasyon sityasyon jèn lan MDT elabore lòt mezi*

Patisipasyon Paran

Plasman (Chèltè)

Plan Sekirite pou Jèn yo: Menas/Danje ki soti bò kote Swadizan Tchoul/Agresè a

Tretman Sante Mantal

Entèvyou ak Jèn

Sipò Ant Moun/Konseye

Evalyasyon Medikal ak Swen Sante

## Eksplwatasyon Seksyèl Timoun Nan Objektif Pou Fè Lajan (Commercial Sexual Exploitation of Children, CSEC)



Norfolk Advocates for Children



12 Payson Road | Foxborough, MA 02035

[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

## Defansè Dwa Timoun nan Norfolk Sipòte Jèn CSEC

### Kisa CSEC a ye?

- CSEC lan se yon timoun ki poko gen 18 lane k ap patisipe nan koze fè sèks pou lajan,abri, dwòg, manje oswa nenpòt bagay ki gen valè.
- CSEC se pa yon chwa. Li se yon fòm abi seksyèl sou timoun epi moun sa yo k ap eksplwate jenès lan se yon krim li fè.
- Yo eksplwate jèn nan chak kominote nan tout Konte Norfolk ak Massachusetts. Jèn lan kapab ni fi ni gason. Laj an mwayèn pou yo eksplwate yon jèn se 13 lane.
- Eksplwatè yo kapab nenpòt moun: fanmi, zanmi, etranje, granmoun oswa kanmarad. Eksplwatè yo kapab gen nenpòt sèks. Sa eksplwatè yo genyen an komen se pouvwa ak kontwòl yo genyen sou jèn lan. Eksplwatè yo fòse epi manipile jèn lan pou li patisipe nan aktivite sèksyèl, fè pòno, fè strip tease, sèks nan telefòn, akonpanye, ak trafik dwòg. Eksplwatè yo itilize medya sosyal ak lòt mwayen dijital pou rekrute, entimide ak siveye jèn lan.

### Kòman nou kapab entèvni?

- Jèn lan bezwen sekirite ak sipò. Adrese bezwen debaz yo tankou manje, lojman ak swen medikal an premye.
- Trete jèn lan antanke yon viktim ak sivivan se pa tankou agresè oswa kriminèl pou trete li.
- Sonje byen genyen jèn ki pa menm okouran si se eksplwate y ap eksplwate yo.
- Depoze yon 51A avèk DCF si w sispèk yon ka CSEC.



## Endikatè Posib pou Eksplwatasyon Seksyèl Timoun Nan Objektif Pou Fè Lajan (Commercial Sexual Exploitation of Children, CSEC)

Prezans youn oswa plizyè nan endikatè sa yo kapab demontre jèn lan sibi abi seksyèl:

- Plizyè rapò timoun lan sove
- Nouvo rad, telefòn, ak akseswa san w pa konnen kote yo sòti
- Chanjman nan aparans fizik li oswa konpòtman li
- Gen siy abi fizik ki parèt
- Mak, tatou, mak boule oswa sikatris
- Toujou ap mankeLekòl
- Plizyè telefòn selilè, gwo sòm lajan oswa kle otèl
- Itilize jagon CSEC - Pa egzanp, Papa, anba, trik, lavi a oswa jwèt la
- Zanmi ak yon gason ki gen plis laj pase li
- Zanmi ak moun yo konnen ki nan gang
- Antesedan Maladi Seksyèlman Transmisib (Sexually Transmitted Infections, STI) oswa gwosès
- Jèn lan ap di li gen 18 lane pandan li poko menm gen laj sa a
- Jèn lan toujou ap monte nan machin lòt granmoun gadyen legal lan pa rekonèt
- Jèn yo atache ak eksplwatè yo anpil
- Ap itilize aplikasyon rankont yo
- Jèn lan ap voye foto san rad pou moun
- Montan lajan ki san eksplikasyon
- Itilizasyon dwòg
- Sentom Maladi Estrès Pòs Twomatik (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD)
- Jèn lan fatigue nan yon fason li pa janm fatigue

## Rapò Obligatwa

Selon M.G.L. c. 119, s. 51A, rapò eksplwatasyon yo konfime epi/oswa yo sispèk ki fèt sou yon timoun ki gen mwens pase 18 lane yo dwe deklare sa nan DCF.

Ou dwe ranpli yon fòm 51A imedyatman pa telefòn, ansanm avèk yon rapò alekri.

Tout depozisyon CSEC yo ap analize pa DCF epi voye li bay Biwo Pwokirè Distri a pou repons MDT a.

Si w wè timoun lan nan yon danje ki pa ka rete tann, kontakte lapolis lokal imedyatman.

### Repons Ekip Miltidisciplinè (Multidisciplinary Team, MDT) Konte Norfolk la bay CSEC

Ekip Plizyè Disiplin (MDT) Konte Norfolk lan se yon gwoup moun ki gen plizyè metye ak plizyè konpetans ak eksperyans ki mete tèt yo ansanm. Manm MDT yo kapab mete tèt yo ansanm pou planifye pwochen etap yo pou jèn lan pran, evalye sekirite yo, epi ede yo jwenn sèvis ak enfòmasyon, pandan delenkan an se li menm ki responsab aksyon li fè yo.

Apwòch MDT a santre sou jèn yo, pran an kont twomatis epi diminye kantite fwa yo fè entèvyou ak yon jèn sou kesyon CSEC yo.

MDT ka gen ladan manm ki soti nan DA, DCF, DYS, DMH, Polis, Libète sou Kondisyon, Defansè Viktim ak Temwen yo, Avoka pou Jèn, Enfimyè SANE, Konseye, Lekòl, Paran, ak Jèn yo.

[www.norfolkadvocatesforchildren.com](http://www.norfolkadvocatesforchildren.com)

Defansè Dwa Timoun nan Norfolk (Norfolk Advocates for Children, NAC) se yon pwogram Biwo Pwokirè Distri Konte Norfolk la (Norfolk District Attorney's Office), ki an patenarya avèk NAC, yon 501(c)(3).

Sèvis yo bay nan Defansè Dwa Timoun nan Norfolk ] yo gratis.